

# Enfòmasyon pou Imigran ki Ozetazini Tanporèman sou Paròl Imanitè

(Dènye Mizajou: 25 Novanm 2024)

*Prepare pa Michelle Louis, Nisa Ibrahim, ak Jill Marie Bussey*

## ANTESEDAN

Depi 2021, plis pase 750,000 moun ki pa sitwayen Ameriken te antre Ozetazini atravè pwogram paròl selon nasyonalite yo, Afghan, Kiben, Ayisyen, Nikaragweyen, Ikrényen, ak Venezwelyen.<sup>1</sup> Anplis de sa, plis pase 800,000 moun te antre legalman Ozetazini nan fwontyè a sou paròl imanitè apre yo te pran randevou avèk aplikasyon mobil CBP One depi 2023.<sup>2</sup> An Out 2024, administrasyon Biden an te anonse pwogram "Kenbe Fanmi Ansanm" (Keeping Families Together Parole in Place) pou mari, madanm, oswa bèl pitit ki pa sitwayen yon mou ki se yon sitwayen ameriken ki te deja nan peyi a.<sup>3</sup> Pwogram sa a sispann poutèt pwosè legal.<sup>4</sup>

Malgre pwogram paròl administrasyon Biden an ofri dè milye de moun pèmision pou yo viv isit tanporèman ak pèmèt yo travay, paròl imanitè a **tanporè**, epi pwogram paròl yo **pa sipoze kontinye** anba nouvo administrasyon an. Poutèt sa, moun ki la sou paròl imanitè tanporè epi ki vle rete Ozetazini dwe pran **aksyon imedyatman** pou pwoteje paròl yo, konsidere lòt opsyon imigrasyon ki disponib, epi chèche reprezantan legal ki kalifye pou ede yo ak aplikasyon imigrasyon yo.

## KISA PARÒL IMANITÈ YE?

Dapre lalwa, Sekretè Depatman Sekirite Enteryè/Department of Homeland Security (DHS) ka bay moun ki pa sitwayen paròl imigrasyon, sa depann de ka a, pou yo antre oswa rete Ozetazini menm si yo pa ta gen yon rezon legal ki ta pèmèt yo rantre Ozetazini.

Si yo bay yon moun paròl imanitè, moun nan konsidere kòm yon "moun ki gen paròl" pou kantite tan yo ba yo paròl la, anjeneral pou de (2) lane. Pandan tan paròl la moun nan otorize pou l

---

<sup>1</sup> U.S. Customs and Border Protection, CBP Pibliye Mizajou Mwa Out 2024, 16 Septanm 2024, <https://www.cbp.gov/newsroom/national-media-release/cbp-releases-august-2024-monthly-update>.

<sup>2</sup> *Id.*

<sup>3</sup> Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini, Kenbe Fanmi Ansanm, 13 Novanm 2024, <https://www.uscis.gov/keepingfamilies-together>.

<sup>4</sup> *Sant resous legal pou imigran, Kote Nou Ale Depi Isit? Yon Mizajou sou Pwosesis Paròl nan Plas pou Kenbe Fanmi Ansanm*, 13 Novanm 2024, <https://www.ilrc.org/resources/latest-on-parole-in-place>.

rete Ozetazini, yo pa konsidere moun ki gen paròl kòm yon moun yo admèt legalman dapre lalwa imigrasyon **epi tou moun sa a pa gen okenn estati imigrasyon**. Paròl la gen sèten kondisyon, li tanporè, epi li gen yon dat ekspirasyon ki sou Fòmilè I-94, Dosye Antre/Soti CBP<sup>5</sup> bay la oswa sou USCIS. Nan kèk ka, yon moun ki gen paròl ka aplike pou pwolonje paròl li, yon pwosesis yo rele "re-paròl." Moun ki gen paròl ki vle wwayaje andeyò Ozetazini dwe jwenn yon dokiman wwayaj nan men USCIS davans, sinon paròl yo ap anile otomatikman lè yo kite peyi a.<sup>6</sup>

## TIP PARÒL AK PWOGRAM PARÒL KE YO BAY PI SOUVAN

Tip Paròl	Ajans DHS ki Bay Paròl	Klas Admisyon	Peryòd Paròl	Kategori Re-Paròl Ki Disponib <sup>7</sup>
<a href="#">Pwogram Paròl Minè Amerik Santral (CAM)</a>	USCIS/DOS/CBP	CM	2-3 an	Wi
<a href="#">Reunifikasyon Fanmi Kiben</a>	USCIS/CBP	RCU	Jiska 3 an	Wi
<a href="#">Paròl Imanitè Kiben</a>	USCIS/CBP	CHP	2 an	Non
<a href="#">Reunifikasyon Fanmi Ayisyen</a>	USCIS/CBP	HFRP	Jiska 3 an	Wi
<a href="#">Paròl Imanitè Ayisyen</a>	USCIS/CBP	HHP	2 an	Non
<a href="#">Paròl Imanitè oswa Benefis Sinifyan</a>	USCIS/DOS/CBP	PAR	1-2 an	Non
<a href="#">Kenbe Fanmi Ansanm (KFT)<sup>8</sup></a>	USCIS		3 an	Non
<a href="#">Paròl Imanitè Nikaragweyen</a>	USCIS/CBP	NHP	2 an	Non
<a href="#">Paròl Militè nan Peyi</a>	USCIS	MIL	1 an	Wi

<sup>5</sup> Sit ofisyèl U.S. Customs and Border Protection pou moun k ap vizite Etazini: *Aplike pou oswa jwenn fòmilè I-94, mande enfomasyon sou lòt wwayaj ke w te fè ak tcheke règ wwayaj yo - 30 novanm 2024*, <https://i94.cbp.dhs.gov/home>.

<sup>6</sup> 8 C.F.R. 212.5(e).

<sup>7</sup> Se sèlman kèk moun ki gen estati parol ki kalifye pou kategori re-parol la. Ou ka jwenn lis Pwogram Parol ki Kalifye pou pwogram re-parol la sou sit entènèt ofisyèl USCIS [la](#).

<sup>8</sup> 6 novanm 2024, yon jij federal anile pwogram Parol "Kenbe Fanmi Ansanm" (KFT). Sa vle di USCIS pa kapab aksepte oswa trete aplikasyon parol KFT yo. Sepandan, aplikasyon ki te apwouve anvan 6:38 p.m., 26 out 2024 yo pa afekte pa desizyon tribinal la. Moun ki te resevwa parol anvan 6:38 p.m. sou. 26 out 2024 yo ka kontinye rete Ozetazini pandan y ap pouswiv petisyon ki baze sou fanmi ak ajisteman estati yo.

Tip Paròl	Ajans DHS ki Bay Paròl	Klas Admisyon	Peryòd Paròl	Kategori Re-Paròl Ki Disponib <sup>7</sup>
<a href="#">Operasyon zanmi refijye/Byenvini</a>	CBP/USCIS	OAR	2 an	Wi
<b>Paròl nan Pò dantre</b>	CBP	DT	1-2 an	Non
<a href="#">Inifye pou Ikrèn</a>	USCIS/CBP	UHP	2 an	Wi

## PWOLONJMAN PARÒL

Disponibilite pou pwolonje oswa renouvle paròl depann sou kategori paròl la. Menm jan an, nenpòt pwosesis pou reaplike pou paròl ak kondisyon yo depann sou tip paròl la. DHS te bay kèk sitwayen Afghan ak Ikrényen yon ekstansyon otomatik pou paròl yo te gentan genyen san aplikasyon, pandan ke lòt sitwayen Afghan ak Ikrényen te kalifye pou yo reaplike pou paròl..

**Sepandan, pou kounya DHS pa bay okenn pwosesis ki spesifik pou moun ki gen paròl CHNV (Kiben, Ayisyen, Nikaragweyen, ak Venezwelyen) pou yo ka reaplike pou li.**<sup>9</sup> Nou pa espere ke pwogram paròl la ak posibilite pou yon extansyon ap kontinye anba pwochen administrasyon an. **Se poutèt sa, li enpòtan pou nenpòt moun ki deja nan peyi a sou paròl pran aksyon imedyatman.**

## ANILE PARÒL

Paròl se yon benefis imigrasyon ki depann de chwa DHS, li ka anile oswa revoke paròl yon moun. Si yo revoke paròl ou, DHS dwe enfòmè moun nan pa ekri. Sinon, paròl ka otomatikman sispann si moun nan kite peyi a oswa lè peryòd paròl ke yo ba ou a fini. Si paròl yon imigran fini pandan yo Ozetazini, yo pral retounen gen menm estati yo te genyen anvan yo te ba yo paròl la. Si yo pa t gen okenn estati imigrasyon anva (yo pat legal), yo ka depòte yo si DHS mete yo nan lis moun pou yo depote.<sup>10</sup>

Moun ki gen paròl ta dwe konnen kondisyon yo mande pou kenbe paròl yo. **Moun ki gen paròl dwe respekte kondisyon yo epi mete adrès yo ajou ak USCIS nan lespas 10 jou apre yo fin deplase.** Dapre tip paròl la, ka gen lòt kondisyon ki nesèsè pou kenbe paròl la aktif. Kondisyon sa yo ka enkli sèten egzijans tankou egzijans medikal (egzanp: vaksinasyon ak tès tibèkiloz). Si

<sup>9</sup> Global Refuge, *Kisa Pwogram Paròl CHNV la ye? 23 Oktob 2024*, <https://www.globalrefuge.org/news/what-is-the-chnv-parole-program/>.

<sup>10</sup> Gade INA § 212(d)(1).

yon moun ki gen paròl gen nenpòt entèraksyon ak fòs lòd yo/lapolis, yo ta dwe konsilte yon avoka ki ka enfòmasyon yo sou konsekans pwosedi legal sa yo ka gen sou estati imigrasyon yo.

## OPSYON IMIGRASYON POU MOUN KI GEN PARÒL

Moun ki gen estati parol imanitè yo rekòmande pou yo chèche sèvis legal imigrasyon ki kalifye pou gade ki benefis ki disponib pou yo. Lè w ap egzamine opsyon yo, li enpòtan pou w konsidere altènatif ke ou ka fè ansanm.

1. **[Estati Pwoteksyon Tanporè \(TPS\)](#)** – Kounye a, gen 16 peyi ki nan TPS. TPS bay pwoteksyon tanporè kont depòtasyon ak pèmi travay pou nasyonalite ki soti nan peyi ki deziyen yo ki te Ozetazini lè kondisyon nan peyi lakay yo te vin pi mal. TPS ka pèmèt ou rete isit pou yon peryòd 6, 12, oswa 18 mwa. Administrasyon k ap vini an pa sipoze kontinye tout pwogram TPS ki genyen kounye a, men gen yon pwosesis legal yo dwe swiv lè yo pran desizyon pou yo kanpe, pwolonje, oswa chanje TPS. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou TPS ak kondisyon ki ka kalifye ou [la](#).
2. **Azil** – Azil pwoteje moun ki pa sitwayen kont depòtasyon nan yon peyi kote yo gen kè sote pou pèsekisyon oswa danje ke yo ka fè fas alavni. Azil pèmèt moun nan rete Ozetazini ak jwenn pèmi travay pandan aplikasyon li annatant. Apre li resevwa azil, li ka aplike pou yon kat rezidans pèmanan (green card) lè yo ranpli sèten kondisyon. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou azil [la](#).
3. **Imigrasyon ki baze sou [Fanmi](#) oswa [Travay](#)** – Si yon moun ki pa sitwayen gen fanmi li ki se sitwayen ameriken oswa ki se yon rezidan pèmanan legal (LPR), yo ka fè fanmi an fè yon aplikasyon pou yon kat vèt (green card) pou yo. Anplis de sa, yon moun ki pa sitwayen ka wè si kote y ap travay la ka sipòte yo pou yo jwenn yon kat vèt (green card) si yo ta kalifye pou sa.
4. **Benefis pou moun ki t ap viv anba Krim ak Vyolans** – Si yon moun ki pa sitwayen te viktim trafik moun oswa yon krim kote yo ap ede fòs lòd yo ak ankèt la, yo ka kalifye pou yon [viza T](#) oswa [viza U](#). Gen kondisyon espesifik pou chak viza, e ou ka tann anpil tan pou yo reponn ou. Anplis de sa, yon moun ki pa sitwayen ka kalifye anba Lwa sou Vyolans kont Fanm nan 1994/Violence Against Women Act of 1994 (VAWA) san yo pa bezwen konsidere sèks yo, si mari yo oswa paran yo ki se sitwayen ameriken/LPR, **oswa** pitit yo ki se sitwayen ameriken ki gen 21 a te abize yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou VAWA [la](#).
5. **[Viza Imigran Espesyal](#)** – Afghani ki te travay pou oswa an non gouvènman ameriken an Afganistan ka kalifye pou estati Viza Imigran Espesyal (SIV). Si yo apwouve yo, aplikan SIV yo ap resevwa yon kat rezidans pèmanan (green card) epi yo ka fè natiralizasyon yon fwa yo satisfè tout kondisyon pou sitwayènte. Pou plis enfòmasyon sou kondisyon yo, ki gen ladan apwobasyon Chèf Misyon (COM), yon disponib sou sit entènèt Depatman Deta (DOS), ki gen ladan dat limit aktyèl pou soumèt aplikasyon COM yo.

## LÒT BAGAY POU KONSIDERE

### Founisè Sèvis Legal Imigrasyon ki Kalifye

Nou rekòmande w sèvi ak resous sa yo pou jwenn sèvis legal imigrasyon ki kalifye pou ede w chèche oswa ranpli aplikasyon yo:

- [Rechèch Avoka Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken \(AILA\)](#)
- [Rechèch Reprèzantan ak Avoka Akredite DOJ pa eta a](#)
- [Resous "Jwenn Reprèzantasyon Legal" DOJ](#)
- [Immigration Advocates Network Legal Services Directory](#)

### **Evite Fwod Imigrasyon**

- Pran prekosyon kont fwòd ak moun ki bay konsèy legal san otorizasyon/Fwòd moun ki notè. Notè piblik nan Etazini yo **pa** avoka. Fè atansyon ak moun ki prepare aplikasyon imigrasyon ou oswa ki ba ou konsèy legal. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou koman pou rapote yon fwòd imigrasyon [la](#).

### **Sèvi ak Rezo Sosyal avèk Prekosyon**

- Global Refuge prepare resous pou ede moun evite pwoblèm sou rezo sosyal ki ka afekte estati imigrasyon yo. Resous sa disponib an [Anglè](#), [Espanyòl](#), [Kreyòl Ayisyen](#), [Dari](#), ak [Pashto](#).